

# Aplike pou patisipe nan Komisyon Prezèvasyon Kominotè (Community Preservation Committee, CPC) Boston an

---

Lwa sou Prezèvasyon Kominotè (Community Preservation Act, CPA), yon kesyon sou bilten vòt elektè Boston yo te apwouve nan mwa novanm 2016, pral jenere anviwon \$20 milyon dola chak ane pou Vil la. Yo dwe sèvi ak finansman an pou pwojè nan twa (3) domèn: lojman bon mache, pwoteksyon sit istorik ak divètisman an plenè/deyò nan lanati.

## Konsèy Minisipal Boston ap chèche kat (4) rezidan Boston pou patisipe nan Komisyon Prezèvasyon Kominotè a.

### Komisyon Prezèvasyon Kominotè (Community Preservation Committee, CPC)

CPC se yon konsèy ki gen 9 manm ki rekòmande pwojè epi ki preezante ajista a yo ak Konsèy Minisipal la pou yo ka finanse yo ak lajan CPA.

Selon lwa Eta a, CPC gen nominasyon ki soti nan Komisyon Boston Landmarks, Komisyon Konsèvasyon (Conservation Commission), ak Komisyon Pak ak Divètisman (Parks and Recreation Commission), ansanm ak Otorite Lojman Boston (Boston Housing Authority) ak konsèy Ajans Planifikasyon ak Developman Boston (Boston Planning and Development Agency) lan.

Epitou, Òdonans CPC Boston lan otorize Vil Boston kreye kat (4) pozisyon pou man kominote a anjeneral (at-large), ikonpri yon moun ki gen eksperyans nan developman, biznis epi/oswa finans; yon moun ki gen eksperyans ak espas deyò yo, lojman ki bon mache epi/oswa pwoteksyon sit istorik epi de (2) moun ki gen eksperyans patisipe nan kominote lokal yo. Manm CPC yo se volontè ki pa peye pou yon mande twa (3) zan avèk maksimòm de (2) manda. **Tout manm CPC yo dwe rezidan Boston.**

Travay anyèl Koisyon an gen ladann:

- Apwouve yon bidjè administatif pou pwogram Prezèvasyon Kominotè Vil la.
- Devlope yon Plan Prezèvasyon Kominote a chak ane (Community Preservation Plan).
- Revwa aplikasyon pou pwojè yo epi fè rekòmandasyon final sou kilès ladan yo pou finanse.

Si ou gen eksperyans nan omwens youn nan twa (3) domèn pwogram la – pwoteksyon sit istorik, espas lib/deyò nan lanate ak lojman ki bon mache – ou gendwa aplike! Men plis enfòmasyon pou ede w deside:

**Demaraj (3-6 mwa):** angajman entansif ki ande anpil tan avèk reyinyon 2 fwa pa semèn nan kòmansman

- Patisipe nan fòmasyon Kowalisyon pou Konsèvasyon Kominote a (Community Preservation Coalition) ak anplwaye Vil lapou revizyon pwopozisyon an.
- Etabli sistèm CPC yo: elekson ofisyel (yo), pwogramme kalandriye reyinyon ak sikl finansman yo.
- Apwouve premye Plan Prezèvasyon Kominote a.

**Atant pou tout tan:** anviwon 5èdtan chak mwa

---

**OU GEN KESYON?** Tanpri kontakte Christine Poff, Direktè Prezèvasyon Kominote a.

christine.poff@boston.gov • 617-635-0277

- Fas-a-fas: reyinyon yon fwa oswa 2 fwa pa mwa yon lè ki bon pou tout manm yo, ki òganize nan yon katye ki aksesib ak Tren lokal (T) oswa yon kote nan santvil. Tout reyinyon yo pral louvri pou piblik la kapab patisipe.
- Pou kont ou: li ak analize pake dokiman yo anvan chak reyinyon.
- Patisipasyon nan odyans piblik (yo) Prezèvasyon Kominote a chak ane.

**Analiz Pwojè a:** gendwa antrene yon orè reyinyon oswa sou-komisyón ki pi entansif toujou

- Posibilite pou yon sou-komisyón vin fè analiz preliminè a ki baze sou twa (3) domèn oswa jewografi nan pwogram la.
- Analiz opinyon anplwaye Vil la ki soti nan depatman ki konsène yo pou chak pwojè.
- Rekòmandasyon pou pwojè ak finansman yo prezante Majista a ak Konsèy Minispal la pou yo kapab apwouve yo.

# APLIKASYON

## Komisyon Prezèvasyon Boston (CPC)

DAT LIMIT: JEDI 9 NOVANM 2017

Pou ki pozisyon (yo) ou kalifye?

- Angajman nan lavi kominotè
- Ekspètiz nan espas lib, lojman ki bon mache epi/oswa pwoteksyon sit istorik
- Eksperians nan biznis, devlopman ak/oswa finans

**NON:** Non ou \_\_\_\_\_

**KATYE:** Katye w\_\_\_\_\_

**ADRÈS:** Make nimewo ri a, non ri a ak zipkòd la.

**IMÈL:** imèl \_\_\_\_\_

**TELEFÒN PRENSIPAL:** Nimewo telefòn prensipal \_\_\_\_\_

**TRAVAY:** Make non anplwayè a. \_\_\_\_\_

**Èske oumenm oswa manm fanmi pwòch ou afilye avèk òganizasyon ki pa pou fè pwofi oswa òganizasyon kominotè?**

Wi ou Non.	Make tout afilyasyon ak òganizasyon karitatif epi/oswa kominotè yo.
------------	---

Depi konbyen tan ou abite nan Vil Boston?	Make kantite tan.
---	-------------------

**Pibon lè pou kontre. Tanpri make 1<sup>ye</sup>, 2<sup>yèm</sup>, 3<sup>yèm</sup> ak 4<sup>yèm</sup> chwa ou. 1ye chwa se sa ou pito a epi 4yèm chwa a, se sa a ou mwens renmen an. Pa ekri anyen si ou pa ka ale.**

Maten to (8 AM)	Pandan Lench	9 AM – 5 PM	Leswa pandan lasemèn
<u>1, 2,3 ou 4.</u>	<u>1, 2, 3, ou 4.</u>	<u>1, 2, 3, ou 4.</u>	<u>1, 2, 3, ou 4.</u>

### Enfòmasyon demografik fakiltativ

**Sèks:** Fi oswa gason.

**Ras/Etnisite:** Make ras/etnisite.

**Laj:** Make laj.

**Tanpri atache ak aplikasyon an lis dokiman ki dekri anba la a:**

1. Yon deklarasyon enterè ki reponn kesyon sila yo (pa plis pase yon paj):
  - a. Pouki sa ou vle patisipe nan CPC a?
  - b. Kijan ou pwouve angajman ou anfavè youn oswa plis nan twa (3) domèn pwogram Prezèvasyon Kominote a: lojman bon mache, pwoteksyon sit istorik oswa divètisman nan espas lib/deyò nan lanati?
  - c. Ki konpetans, avwa ak kalifikasyon ou kapab kontribye nan CPC a?
2. Rezime (CV) ou an.
3. Twa (3) referans avèk imèl/nimewo telefòn – nan travay ou, nan kominite a epi/oswa zanmi pèsonèl.

---

Tanpri li kesyon sila yo, epi reponn chak kesyon epi siyen anba la a.

Mwen deklare mwen pa anplwaye Vil Boston.

Si yo nonmen mwen, mwen gen lentansyon rezide nan Boston pandan tout dire manda 3zan mwen an.

Wi oswa Non Mwen bay pèmisyon pou yo afiche biblikman non mwen ak non katye mwen sou yon lis kandida ki aplikae pou CPC.

**VOYE APLIKASYON YO TOUNEN BAY:** Christine Poff, 26 Court St, 9<sup>th</sup> floor, Boston 02108

[Click here to enter a date.](#)

---

**Siyati**

**Dat**